



Oolite Arts

Apèl pou yon konkou fim kout: Lèt Damou Lokal Kesyon moun poze souvan

Organizasyon Oolite Arts ak vil Miami Beach met ansanm pou yo lanse yon apèl pou moun vin patisipe nan yon odisyon yo rele *Local Love Letters (Lèt Damou Lokal)*, se yon konpetisyon fim kout k ap bay 10 sineyas \$5,000 pou yo kreye fim kout nan kote yo pi renmen nan Miami Beach. Fò fim kout ou a ant 3 a 5 minit epi ou kab fè fim nan sou fòm yon istwa w ap rakonte, sou fòm dokimantè, oswa yon melanj tou de, oubyen tou yon fim ki nan yon estil esperimental. Y ap montre fim ki genyen yo nan yon aktivite kominotè k ap fèt Miami Beach

Men ki jan sa mache

Pou sineyas yo pataje ide yo genyen, yo kab voye demann yo depi kounye a rive 7 mas 2022. Oolite Arts ap organize 2 sesyon enfòmasyon kote sineyas yo ka poze kesyon yo genyen: [16 fevriye](#) avèk Direktè Atizay Sinematografik Danielle Bender ak sineyas Franco Gonzalez, epi [2 mas 2022](#) ak Danielle Bender epi sineyas Helen Peña. Danielle Bender ap la pou resevwa moun nan yon biwo vityèl nan dat sa yo: [15 fevriye](#), [22 fevriye](#), epi [premye mas, 2022](#).

Anplwaye Oolite Arts va verifye tout fòmilè enskripsyon yo pou asire yo byen ranpli epi moun ki enskri yo kalifye. Nan kòmansman mwa d avril, gen yon jiri k ap gen tout kalite sineyas ki koni nan tout peyi a ak kèk pwofesyonèl ki travay nan afè fim ki pral chwazi 10 pwopozisyon ki pou resevwa \$5,000 chak. Moun yo chwazi yo ap gen jiska 31me 2022 pou yo fin fè fim kout yo a epi soumèt li bay Oolite Arts.

Kalifikasyon

Moun k ap enskri yo:

- Yo dwe abite nan Miami-Dade County tout tan
- Yo dwe prezante yon fim kout ki baze sou kote yo pi renmen nan Miami Beach, swa kòm sijè fim nan swa kòm imaj nan fon fim nan
- Yo dwe gen omwen 18 an, epi fò yo swa sitwayen ameriken oubyen yo gen rezidans

Enskripsyon

Y ap asepte enskripsyon anliy kounye a epi men sa y ap mande:

- Yon deskripsyon fim kout ou a (1-2 fraz)
- Yon rezime tou kout sou istwa fim ou an (100 mo maksimòm)

- Yon deskripsiyon sou sa fim ou an pral sanble epi ki enpresyon I bay (150 mo maksimòm)
- Yon deskripsiyon kalite moun ou ta pi renmen ki vin wè fim nan (100 mo maksimòm)
- Yon byografi tou kout oswa yon kourikouloum vite (200 mo maksimòm)
- Echantyon travay ou fè deja (mwens pase yon minit)

SA K PA FÈ PATI KONKOU A

Oolite Arts pap peye lojman, vwayaj, oswa viza pou aktè fim oswa pou ekip pwodiksyon. Si ou gen lòt kesyon, tanpri kontakte Direktè Atizay Sinematografik Danielle Bender nan imel sa a dbender@oolitearts.org ak Kòdonatè pogram Samantha Ganter nan sganter@oolitearts.org

KESYON MOUN POZE SOUVAN

Ki sa konpetisyon *Lèt Damou Lokal* la ye?

Nan efò Oolite Arts ap kontinye fè pou kore sektè pwodiksyon fim kout nan Miami, òganizasyon an ap lanse konpetisyon fim kout sa a: Yon odisyon kote y ap bay 10 sineyas \$5,000 chak pou kreye novo fim kout ki sèvi ak Sid Florid kòm sèn fim nan. Pandan nou pèmèt tout mou chwazi sijè pa yo, nou ankouraje sineyas yo sèvi ak kote yo pi renmen nan Miami Beach kòm lokal pou yo filme fim kout yo a. Sineyas yo ap gen 2 mwa pou yo konplete fim nan epi yo pral pwojte fim yo sou ekran nan yon aktivite kominotè.

Pogram sa a fèt an kolaborasyon avèk vil *Miami Beach* epi avèk fondasyon *Lynn and Louis Wolfson II Family Foundation* se kote ki bay yon gwo kontribisyon pou finanse pogram nan.

Ki lè y ap ouvè enskripsyon pou konpetisyon *Lèt Damou Lokal*?

Enskripsyon pou konpetisyon *Lèt Damou Lokal* ap ouvè apati 14 fevriye jiska 7 mas, 2022.

Ki moun ki kalifye pou yo enskri nan konkou *Lèt Damou Lokal*?

Fò moun k ap enskri yo gen 18 an oubyen plis pase sa, fò yo rete Miami-Dade County epi fò yo se sitwayen Ameriken oubyen yo gen rezidans.

Ki sa w ap chèche nan moun k ap enskri nan konkou *Lèt Damou Lokal* la?

Konkou *Lèt Damou Lokal* ouvè pou ni sineyas ki gen esperyans ni sa ki amatè, ansanm ak pwofesyonèl cinema tou. Moun ki enskri yo dwe gen lide ki kreyatif pou yo mete kote yo pi renmen nan Miami Beach la nan fim y ap fè a.

Èske m ka prezante yon fim kout ki pa an rapò ak Miami Beach?

Fim kout w ap fè a pa oblige yon fim sou Miami Beach oswa filme sou Miami Beach sèlman. Konpetisyon *Lèt Damou Lokal* ap ankouraje sineyas yo sèvi ak kote yo pi renmen nan Miami Beach kòm yon sit nan fim yo a.

Mwen déjà kòmanse travay sou yon fim sou sijè sa a. Èske m kab soumèt li?

Ou kapab soumèt yon fim ou déjà kòmanse travay sou li. Men, se ak kritè ki nan fòmilè enskripsyon an yo pral sèvi pou evalye sa moun soumèt yo. Fim ou pwopoze a dwe ant 3 a 5 minit sèlman.

Èske m ka soumèt yon fim ti komik? Oubyen èske mwen oblige filme fim nan Miami Beach?

Wi. Ou kab soumèt yon pwopozisyon pou yon fim ti komik kout, depi ou sèvi ak kote ou pi renmen nan Miami Beach la kòm lokal nan fim kout ou an ap dewoule a.

Èske sineyas/atis ki rete Broward County oswa Monroe County kalifye pou yo enskri?

Non. Konpetisyon *Lèt Damou Lokal* la se pou sineyas/atis ki rete nan Miami-Dade County sèlman.

Ki moun k ap chwazi gayan yo?

Sa ki va chwazi moun ki gayan nan konkou *Lèt Damou Lokal* yo se yon jiri ki fòme ak pwofesyonèl pwodiksyon fim ki gen renome nan tout peyi a e ki espesyalize nan fè dokimantè ak fim ki rakonte istwa.

Ki lè yo va anonse gayan yo?

Enskripsyon konkou *Lèt Damou Lokal* la ap fèmen 7 mas 2022 a 6 è diswa. Yo va anonse pwopozisyon yo chwazi yo nan kòmansman avril 2022. W ap gen jiska 31 me 2022 pou w fini fim kout ou a epi pou w voye yon pwodiksyon final bay Oolite Arts.

Ki sipò y ap ban mwen?

Y ap bay 10 moun ki gen pi bon pwopozisyon yo \$5,000 chak pou yo ka fini fim yo a. Se sineyas oswa atis sa yo ki va reskonsab pou yo monte ekip pwodiksyon pa yo. Oolite Arts pap peye lojman, vwayaj, oswa viza pou aktè fim oswa pou ekip pwodiksyon.

Konbyen tan mwen genyen pou m fini fim kout mwen an?

Kou yo fin anonse moun ki genyen yo, tout fim yo dwe rive jwenn Oolite Arts le 31 me 2022.

Konbyen fwa mwen ka enskri?

Valè fwa ou vle, men nou ta sijere pa plis pase 3 fwa. Ban nou sa ou genyen ki pi bon an, sa ki pi byen prepare a.

Èske se Oolite Arts k ap gen dwadotè fim mwen an?

Non. Chak sineyas ki genyen va konsève tout dwa pwopriyete ak dwadotè fim yo fè a. Atis la bay Oolite Arts, Vil Miami Beach ak lòt patnè nan inisyativ sa yon lisans ki pa pou yo sèl pou yo montre travay konkou *Lèt Damou Lokal* la nèt ale.

Ki jan mwen kab jwenn plis ransèyman konsènan enskripsiyon an?

Men kèk program Oolite Arts pral anime pou reponn tout kesyon ou te kab genyen:

16 fevriye – Sesyon enfòmasyon avèk Manadjè Atizay Sinematografik Danielle Bender ansanm ak sineyas Franco Gonzalez

17 fevriye – Rankont nan yon biwo vityèl avèk Danielle Bender

24 fevriye - Rankont nan yon biwo vityèl avèk Danielle Bender

2 mas - Sesyon enfòmasyon avèk Manadjè Atizay Sinematografik Danielle Bender ansanm ak sineyas Helen Peña

1 mas- Rankont nan yon biwo vityèl avèk Danielle Bender

Ki moun pou m kontakte si m ta gen okenn kesyon?

Tout kesyon ou genyen ou mèt mande Danielle Bender Manadjè Atizay Sinematografik sou imel li dbender@oolitearts.org, ou kab mande Samantha Ganter tou yon Kowòdinatè Pogramasyon sou imel li sganter@oolitearts.org. N ap anime yon sesyon pou bay enfòmasyon tou le 16 fevriye oswa le 2 mas, 2022.